



Maca Geguritan

Kang kudu digateake nalika maca geguritan
ana ngarep kelas yaiku:

1.Swara

Swara cetha, pangucape wijang, trep karo
ukara-ukarane. Bantere cupkupan ora kena
banteren ora kena kelirihen.

2. Wirama

Rindhik rikate anggane maca ukara-ukara ing
teks geguritan kudu cukupan, ora kecepeten,
ora alon banget.

3.Wiraga

Tata Trapsila utawa solah bawa nalika maca
geguritan ana ngarep kelas becike di
gathuake karo isine geguritan mau

Nama:

Kelas/Bagian:

Mapel

Tanggal:



PUSPA MAWAR PUTIH

Dening Nuri Finaryanti

Ibu...
kulo marak sowan ibu
supadas mupus kangenku
wonten dinten tanggap warsa ibu
namung donga ingkang saget kawektu

Ibu...
Kula dereng saget bekti
Namung puspa mawar putih
kadosta putihe tresna kangge siwi
mugi saged ngrenggani
Manah panjenengan dinten niki

Ibu...
Sampun gangsal dasa tahun
Yuswanipun ibu
Kula keng putra
Namung saged ndonga
Mugi ibu panjang yuswa



Negesi tembung saka geguritan !

- puspa=
- putra=
- marak sowan=
- warsa=
- tanggap warsa=
- ngrenggani=
- manah=
- yuswa=
- bekti=
- saged=

dina kelairan

Ngabdi

Nglipur

Kembang

Teka

Umur

Rasa

Lahir anak

Bisa

Wangsulana Pitakon-pitakon ing ngisor iki!

Apa Irah-irahan geguritan ing nduwur?

Apa Tegese tembung puspa ing geguritan nduwur mau?

Geguritan kue mau sejatine ditujuaken marang sapa?

Pira yuswane ibune manut geguritan mau?

Apa pitutur luhur sing bisa dijupuk saka geguritan ing nduwur yaiku?